Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

№ 29 (7169)
24 июль 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ**
**МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

## Постановление

19 июля 2015 г. № 3 с.Унцукуль

### О прекращении полномочий члена участковой избирательной комиссий с правом решающего голоса

В соответствии с подпунктом «а» п. 6 статьи 29 ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан РФ», территориальная избирательная комиссия Унцукульского района постановляет:

1. Прекратить полномочия члена участковой избирательной комиссии избирательного участка № 1500 СП «Сельсовет Иштибуринский» Инусилаева Магомедгаджи Магомедовича.
2. В связи с прекращением полномочий члена участковой избирательной комиссии № 1500 Инусилаева Магомедгаджи Магомедовича, освободить его от председателя участковой избирательной комиссии.
3. Председателем участковой избирательной комиссии № 1500 назначить члена участковой избирательной комиссии № 1500 Гаджиеву Патимат Магомедовну;
4. Опубликовать данное постановление в районной газете «Садовод».
5. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на секретаря комиссии Тагирову А.

**Председатель ТИК Унцукульского района**
**Расулов А.**

**Секретарь ТИК Унцукульского района**
**Тагирова А.**

## «Меседилаб хаслихълъиялде» хІадурлъизин



Республикаялъул бетІер Р. ГІабдулатІиповасул бихьизабиялда рекъон гьаб сон лъазабун буго «Ахихъанлъиялъул сонлъун» ва районазда тІоритІулел руго хур-ах хІалтІизабун, гьениса бачІин бакІарун, магІишаталде халкъ ахІиялъул мурадалда батІи-батІиял тадбирал. Гьал къоязда гьединаб «Ахбазаналъул фетиваль»,- абураб тадбир тІобитІана Хьаргаби районалда. Гьениб гІатІидго бихьизабуна районалъул ахазул бечелъи гуребги гІумро-яшав гьабиялъул хаслъиги. Г1ахьаллъана Дагъистаналдасаго вакилзаби.

Нилъер районалдаги тІобитІизе буго «Меседилаб хаслихълъи»,- абураб республикаялъул кІваралъул тадбир. Гьелде гьанжего хІадурлъи гьабулеб буго районалъул магІишатиял предприятияз.

## *Гидроэнергетиказе - памятник*

(Лъазабун буго творческияб конкурс)



Гидроэнергетиказе лъолеб памятникалъе тІоцебесеб гамачІ лъуна Каспийск шагьаралда «РусГидро» управлениялъул председателасул советник НурмухІамад ГІалиевас, «РусГидроялъул» Дагъистаналъул филиалалъул директор Т. ХІамзатовас ва Ленгидропроекталъул бетІерав инженер Борис Юрьевичас.

Памятник кинаб букІинебали жеги лъаларо, эскиз бахъиялъе гІуцІун буго творческияб конкурсалъул комиссия, тІаса бищизе буго гьелъул лъикІаб вариант. Памятникалъ жанире рачине руго республикаялъул гидроэнергетикаялъул аслиял рахъал.

«Ахирисеб бащдаб гІасруялда жаниб Дагъистаналда бан буго І800 МВт къуваталъул І5 энергостанция. Гьез щибаб соналда гьабула 5 млрд. кВт с. электроэнергиялъул. Ток хІал-тІизабула Россиялъул Бакъбаккул рахъалда ва цо-цо цогидалги республикабазда»,-ян бихьизабуна данделъиялда кІалъалаго Нурмух1амад ГІалиевас.

# «Унцукуль» киназего бокьула

## *Ансадерил лимонадалъул хІал бихье*

Лъиеха бокьилареб гьадинаб багІара раб риидалил заманалда гьуинлъиги рекъараб, берцинаб кьералъул батІи-батІиял тІагІамазул лимонад гьекъезе. Хасго бокьула гьеб къоялъ кІалги ккун къечалъ хІал гьабурал гІадамазе кІал биччазе гьекъезе.

Щибаб къоялъго гІемерал гІадамалги, тукенчагІиги, оптовикалги рачІуна ансадерил росу тІарада, цебе чадил пекарня букІараб бакІалда бугеб лимонад гьабулеб цехалдаса «Унцукуль» абураб цІаралда гъоркь къватІибе биччалеб лимонад босизе. Гьеб босизе лъалхъуна тІадехун ругел росабалъе унел нухлулалги. Кибго лъала ва машгьурлъи щун буго гьанже «Унцукуль» лимонадалъе.

Лимонад гьабулеб цехалъе нухмалъи гьабулеб буго гьеб ишалъул унго-унгояв махщалилав, гІемерал сонал гьелъие кьолев Мусаев ГІусманица. КІвахІги свакги лъаларев, хІалхьи гьечІеб ракІалъул чи вугоан гьев. ГІемер векерахъдизе кколев вугоан гьев лимонад гьабулаго. МоцІида жанив чанцІулго ине ккола таралда хадув Дагогниялде. Цо нухалда гьес бачІуна І0 азарго шиша. Гьеб абуни гьанже 3-4 къоялъ гурони гІолеб гьечІо.



-Нужеца гьезулгун къотІи-къайищ хъван бугеб?,-ян цІехедал ГІусманица абуна: гьечІо, гІемер гьарун-гьикъун кьолеб буго гьез, жидее моцІи-моцІие 5 млн. шиша Ставрополалъе кьезе бугеб кІудияб заказалда гьоркьоса,-ян абуна гьес. – РикІкІадаса баччичІого нилъерго гІадамазухъагІаги щай нужеца шушби къабул гьаруларел?,-ян цІехана дица гьесда. – Цебе райПо букІараб заманалда гьезул букІана шушби къабул гьарулеб бакІ. – Гьеб хІалтІичІелдаса нахъе чанго анцІ-анцІ сон унеб батила. Гьанже росулъ гьел росулеб бакІги, гьеб босулев чиги гьечІо. Гьедин росарал шушби чуризе ккола цІакъ цІодорго, чанго сагІаталъ гъорлъе жалги ран гьалдезеги гьарун, гьел чуризе ккола санитарияб нормаги ц1унун, рацІцІалъизегІан. Къокъго абуни гьеб хІалтІуе кІиго хІалтІухъанги т1аде чвахулеб лъимги хІажалъула. Гьеб абуни гІоларого букІуна нижее. Гьеб хІалтІи гьабизе бокьулев чиги щвечІо нижехъе. БухІулеб токалъулги хІалтІухъабазе кьолеб мухьалъулги хІисаб гьабуни гьеб хираго чІолебги буго нижее.

Гьанже цехалъ къватІибе биччалеб продукция халкъалъ гъираялда босулеб буго. Гьелда хадуб очередал рукІуна оптом босулезул. ГІусманица гьезул щивасул мурадал тІурала ва лъие кигІанисеб лимонад хІажалъулебали лъала нижеда. Гьеб бахъула райцентралъул киналго тукабазде, оптовиял тукабазде Шамильхъалаялде, ЦІатІанихъ, ХъахІабросу, ГІашилтІа росабалъе, мадугьалихъ бугеб Гумбет районалъул Игьали, Инхо росабалъе, рачІуна гьезда хадур шагьараздаса тукенчагІиги. Амма шагьараздаса рачІунел заказал тІуразаризе, цойидасанго І00-І50 упаковка кьезе нижер рес гьечІо.

*(Ахир 2 гьумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 29 (7169)*
*24 июль 2015 сон*

2 гъумер

*450 махIачхъалаялъуласе щвана КIалбиччанкъоялъул хIурматалда кванил продуктабазул наборал. Гьел хIадурана «Инсан» благотворительнияб акциялъул фондалъ. Кумек щвана гIемерал лъимал ругел ва рес къотIарал хъизаназе, пенсионеразе ва жалго ругел унтарал гIадамазеги. Гьединал акциял хадурккунги тIоритIизе руго фондалъ.*

Унсоколо район гIуцIун - 80 сон

# Росдал мустахIикъав вас

ТIоцевесев учитель, рагъул гIахьалчи, гIакъилаб рагIул устар, СутIахIов Алхас гьавуна Унсоколо районалъул ЦIатIанихъ росулъ I903 соналъ, къадру-асс бугеб хъизаналда. Гьесул эмен СутIахI вукIана гIадамазда гьоркьов цIакъ сабру бугев, гIакъилав инсан. Эбел ПатIимат абуни йикIана рокъойги къватIийги гIодое йиччарай, хIеренай гIадан. Алхас гуревги хъизаналда гIолел рукIана 2 ясги: ПатIимат ва Султано. ПатIимат гIумруялдаса ятIалъана 1974 соналъ. Султано хвана I996 соналда.

Жеги гьитIинго цIалана Алхасица гIараб мацI, лъикIго хъвазеги лъалаан. Алхас росулъ тIоцебе школа рагьарабго гIедегIана Хунзахъе учителасул курсазде цIализе ине. Гьениве гьес цадахъ вачун вукIана жиндирго росуцояв Къурбанов МухIамадги. Гьес бицунаан Хунзахъ цIалулаго Алхас цо чанго нухалъ реццалъе мустахIикълъанилан. Гьедин лъикIго бажариялда курсалги лъугIун хIалтIана гьев росулъ. Алхасица байбихьи лъураб ва гьев хIалтIараб школа гьабсагIат дагьабги гIатIид ва кIодоги гьабун, тIаде цIи-цIиял корпусалги ран, къачIан буго. Руго гIураб къадаралда росдал кадрабиги ва II класс.

Доб захIматаб заманалда школалда букIана гIицIго 4 класс. ТIоцебесеб классалъе бажарун нухмалъи гьабулеб букIана, школа базе жинца тIоцебе кьучI лъуразул цояв ГIамиров Набица. Гьединго росулъ хъвазе-цIализе лъалездасан цояв кколаан МахIмудов Разиги. Гьесги бажарухъе гIисиназда латын алфавитги, хъвазе-ц1ализеги малъулаан. Амма чIахIиял классазе дарсал кьезе лъайги, махщелги, бажариги бугев чи Алхасидаса лъикIав цониги вукIинчIо доб заманалда росулъ.

ГIагараб ЦIатIанихъ росдал школалда гуревги Алхас хIалтIана Гумбет районалъул цо-цо росабазул школаздаги. Школалда Алхасица кьолаан киналго предметал, география, гигиена ва цогидалги предметал. Абизе ккола доб захIматаб, Советияб хIукумат гIуцIулеб заманалда, росулъ тIоритIулел киналгIаги культуриял мероприятиязул бетIер Алхас вукIаниланги (I920-I94I с). Росулъ тIоцебе, живго лъикIав лъугьун Алхасица рагьун букIана «Изба читальня», ай библиотека. ЧIахIиял чагIаз бицуна росулъ колхоз гIуцIараб захIматаб, кьварараб ва ракъараб заман бугониги Алхасица гьеб г1уц1иялъулъ мисал бихьизабунилан. Гьесги якьадалъги боцIи бищун цебе рачун щвезарун руго колхозалде.

Гьел захIматал сонал нахъа танин ккараб заманалда, вахIшияв Гитлер Советияб пачалихъалде тIаде кIанцIидал, лъабго бесдалавги рокъов тун, жив Советияв учитель кколинги абун, Алхас ана ВатIан цIунизе. Рагъда цересел соназ гьев хIалтIулев вукIана росдал Советалда. Фашистазда тIад бергьенлъи босизегIан хутIичIого гьев лъукъана ва Тблисалъул госпиталалда I942 соналъул I8 февралалда хун вуго. Вукъун вуго Кутаисалда.

Алхасил хIакъалъулъ росдал харабаз гIемер бицуна. Гьале гьезул цо-цоял:

I. Гьиматов МухIамадица бицунаан «Алхас вукIана лъикIав учитель ва насихIатчи гуревги доб заманаялъул философги»,-абун.

2. Ибрагьимхалилов МухIамадица бицунаан: «Дун Советияв учитель ккола ва Советияб ВатIан цIунизе бищун цевеги ине ккола»,-абун, гьев росулъа тIоцеве анин рагъде I94I соналда.

3. Рагъул гIахьалчи МухIамадов ХIамидица бицунаан: «Алхас I942 соналъул байбихьуда жинда цадахъ вукIанин ва Волга гIор бахунаго цIакъ къо бихьанин, гьелдаса хадуб жинда гьев тIокIалъ данд чIвачIилан». Гьеб ккола Алхас лъукъилалде цебесеб замана.

ТIадехун бицухъе, Алхас вукIун вуго доб заманалда вукIарав унго-унгояв педагог. Гьеб гуребги гьесул букIана кечI гьабизе ва назмаби хъвазе махщел. Рагъда вукIаго, лъадиги хун бесдал хутIарал лъимал вацгIал Сурхайиде аманат гьарун хъван руго гьес гьадинал мухъал:

***Зодихъе хIинчI гIадин хIурулгIинги ун,***
***ХIайранго ратила, дир ятимзаби.***
***Инсуца чай гьалун къеч буссинчIел гьел***
***Ворегиха, Сурхай, эл гIолохъаби***
***ГIодизе риччаге лъималакьа къун,***
***Ворегиха, Баху, тIинав МухIамад,***
***ГъалбацI гIадин кIалъай васазда нахъа.***
***Чияр лъималаца къварид гьаруни,***
***КъвекIаб цIумал гIадин тIаде къарукъе!...***

**Асият ЖАМАЛУДИНОВА.**
**Ц1ат1анихъ росо.**

# «Унцукуль» киназего бокьула

*Ансадерил лимонадалъул хIал бихье*

Щибаб къоялъ цехалъ къватIибе биччала 2000-2500 шиша, ай 200 упаковка. Гьелдаса тIокIалъ цIикIкIун гьабизе гьезул рес гьечIо. Гьеб концетратазул, химиялъул жал рукIуна бокьанагIан, гьел нижеца росуларо. Цех буго къваридабго минаялъуб. ХIажат буго гьелъие лъикIаб ремонт гьабизе. Гьелда тIадеги гьенир лъун ругел аппаратураби руго басралъун. Гьел росизе нижер сурсатазул рахъалъ рес гьечIо. Ниж гIадал производствалда хIалтIулезе пачалихъалъ риччалел руго къарзалги, гьарулел руго кумекалги. Цех гIатIид гьабизеги, производство цебе тIезабизеги нижее рагIи кьун букIана нижехъе чанцIулго рачIарал республикаялъул Дагъпотребсоюзалъулги цогидал бакIаздаса рачIун рукIарал вакилзабазги. Гьелда къокълъана гьезул хIалтIи. Амма гьезухъ балагьичIого ни-жеца нижерго ресазда рекъон хIалкIварабщинаб гьабулеб



гьабулеб цех буго гьитIинабго бакI, 80 абилел соназго бан букIараб. ХIалтIулаб коллектив кIудияб гьечIо. Цехалда тIолабгоялде гIагарараб аслияб хIалтIи гьабула живго ГIусманица. Гьес жинцаго хIадурула гъорлъе жалги ран сироп, цIола шушби, рекъезабула газги цогидаб хIажатабщинабги. Бищунго аслияб жо; гьез хIадур гьабула лимонад гъорлъе химиялъул жалги рачIого, лимонадалъул кьерал гьаризецин гьез концетратал хIалтIизаруларо. Хасго гIемер росула гIадамаз генул, ананасадул, мангодул ва цогидалги тIагIамал бугеб лимонад.

Цехалде дун щвараб заманалда хIалтIи тIад бан унеб бугоан. Цояз шушби конвеералда лъолел, цогидаз этикеткаби чIвалел, лъабабилел хIадурараб продукция ящиказда жанир сокIкIунел ва гьеб упаковать гьабулел ругоан. ТIаде рачIаразда кIалъазе регIараб хIал гьезул гьечIоан. Гъираялда хIалтIулел ругоан гIисинал гIолохъаби ГIадуев Назар, Дахадаев Малачихан, ГIабдурахIманов ХIажимурад, ГIабдулаев ХIажимухIамад, Мусаев МухIамадсайгидги.



Цехалда буго шушбузухъе гьоцIо тIолеб, тIад кIалтIу чIвалел алатал. Исана босана этикетка чIвалеб аппарат. КватIичIого Стальский районалде ине ккола цоги гьоцIо тIолеб аппарат босизе,-ян бицана цехалъул заведующияс.

Улкаялдаго экономикаялъул кризис букIиналъ гьеб хъатIичIого хутIичIо нилъер щивасда. Гьелъ хIалтIи цебе туркIизе биччалеб гьечIо, квалквалал гьарулел руго хIалтIизе. Багьаго гурони щолел гьечIо росизе этикеткаби, пробкаби. Этикеткаби гьарула ни-жее «Дагъпрессалъ», гьел руго хиралъун. Де-фицит лъугьун буго буго цехалъул хIалтIи гьоркьоб къотIизе течIого бачиналъе, гIадамазе бокьулеб тIагIамги гьуинлъиги рекъараб лимонад къватIибе биччаялъе,-ян бицана ГI. Мусаевас.

***ХI. ГIАБДУЛАЕВА.***
***Нижер мухбир.***

# Конституциялъул къо

26 июлалда Дагъистаналъ кIодо гьабулеб буго жиндирго миллияб байрам – ДРялъул Конституциялъул къо. I994 соналда ДРялъ Конституция къабул гьаби лъугьана гIемер-миллатазул Дагъистаналъул пачалихъалъул тарихалъулъ кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун, гьелъ квербакъи гьабуна жамгIияб гIумро гIуцIиялъулъ демократияб кьучI щула гьабизе, законаз тIалъи гьабулеб пачалихъияб низамалде рачIине. ДРялъул аслияб Закон лъугьана республикаялъул лъикIаб букIинеселъе ва талихIаб къисматалъе гIоло дагъистаниязул кIудияб жавабчилъиялъул роценлъун.

ДРялъул Конституция къабул гьабулаго кьучIое росарал аслиял принципаз квербакъи гьабуна хIалуцараб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIалалда миллатазда гьоркьоб рекъел ва республикаялда рагIи дандеккей букIинабизе.

Кинал захIмалъаби дандчIваниги, дагъистанияз поликтикиял ва экономикиял реформаби гIум-роялде рахъинаризелъун цебехун гали тIамуна. Гьез бажарарабщинаб гьабуна цIияб пачалихъияб гIуцIи щула гьабизе, демократия цебетIезабиялъе ва хадубккун республика политикиябги, социалиябгун экономикиябги, рухIиябги цебетIеялъул нухдасан иналъе киналго шартIал гIуцIиялъе. ТIолабго улкаялда цадахъ церехун унаго, нилъеца пайда босула Дагъистаналъул халкъазул цолъи ва гъунки щулалъизабиялъе, гражданазул жавабчилъи борхизабиялъе, экстремизмалде ва терроризмалде идеологияб дандечIей букIинабиялъе нилъер Конституциялъул бугеб къуваталдаса.

РакI чIараб буго районалъул гIадамаз нилъедаго цере чIарал масъалаби тIуразаризе рукIиналда, гьелъ жидерго захIматалдалъун республикаялъулги районалъулги социалиябгун экономикияб ва рухIияб цебетIеялъе шартIал гIуцIизе рукIиналда.

РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда миллияб байрам- ДРялъул Конституция къабул гьабураб къо. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихI, кибго ва сундулъго икъбал!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**Унсоколо районалъул бетIерасул ишал тIуралев**

# ОТЧЕТ
## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-е полугодие 2015 года

*(в рублях)*

| Наименование показателя Вед $Р_3$ ПР ЦСР ВР ЭКР | | План | Поступило | Перечислено | отклонение | % исп. | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2015 года: | | 608 718 827,65 | 295 558 606,95 | 294 569 767,88 | -313 160 220,70 | 48,6% | 988 839,07 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: | 000 1 00 00000 00 0000 000 | 64 307 000 | 29 068 858,30 | 28 080 019,23 | -35 238 141,70 | 45,2% | 988 839,07 |
| - муниципального района | | 56 979 000 | 27 105 970,65 | 26 260 442,00 | -29 873 029,35 | 48% | 845 528,65 |
| - поселений | | 7 328 000 | 1 962 887,65 | 1 819 577,23 | -5 365 112,35 | 27% | 143 310,42 |
| - прочие неналоговые доходы в бюджет | | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0 | | 0 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: | 000 2 00 00000 00 0000 000 | 544 411 828 | 266 489 749 | 266 489 749 | -277 922 079 | 49% | 0 |
| - дотации | 000 2 02 01000 00 0000 151 | 87 138 000 | 30 297 000 | 30 297 000 | -56 841 000 | 35% | 0 |
| - субсидии | 000 2 02 02000 00 0000 151 | 19 903 164,11 | 5 459 854,11 | 5 459 854,11 | -14 443 310 | 27% | 0 |
| - субвенции | 000 2 02 03000 00 0000 151 | 429 341 325,54 | 222 754 306,54 | 222 754 306,54 | -206 587 019 | 52% | 0 |
| - иные межбюджетные трансферты | 000 2 02 04000 00 0000 151 | 8 029 338 | 7 978 588 | 7 978 588 | -50 750 | 99% | 0 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2014 года) | | 2 793 810,61 | 2 793 810,61 | 2 784 510,61 | 0,0 | 100% | 9 300,00 |
| а) переходящий остаток района | | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 0,00 | 100% | 0,0 |
| б) переходящий остаток поселений (дотация) | | 0 | 0 | 0 | 0,00 | ///// | 0,0 |
| в) переходящий остаток поселений (с/доходы) | | 1 215 577,63 | 1 215 577,63 | 1 206 277,63 | 0,00 | 100% | 9 300,0 |
| ВСЕГО ДОХОДЫ (I+II) | | 611 512 638,26 | 298 352 417,56 | 297 354 278,49 | -313 160 220,70 | 48,8% | 998 139,1 |
| I. РАСХОДЫ 2015 года: | | 608 718 827,65 | 294 569 767,88 | 281 633 148,63 | -314 149 059,77 | 48,4% | 12 936 619,25 |
| 1.Райадминистрация | | 60 300 147,65 | 32 180 736,65 | 20 825 313,65 | -28 119 411,00 | 53,4% | 11 355 423,00 |
| 2.Управление финансов | | 3 964 431 | 1 447 000 | 1 447 000 | -2 517 431 | 36,5% | 0 |
| 3. Контрольно-счетная палата | | 533 000 | 273 000 | 270 000 | -260 000 | 51% | 3 000 |
| 4. Собрание депутатов муниципального района | | 1 682 000 | 788 500 | 778 004 | -893 500 | 46,9% | 10 496 |
| 5. Отдел ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | | 6 881 510 | 2 586 494 | 2 586 494 | -4 295 016 | 37,6% | 0 |
| 6. Отдел субсидий | | 3 864 000 | 1 288 000 | 1 288 000 | -2 576 000 | 33% | 0 |
| 7. Управление образования | | 3 979 072 | 1 366 122 | 1 366 122 | -2 612 950 | 34,3% | 0 |
| 8. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | | 12 248 857 | 5 878 908 | 5 878 908 | -6 369 949 | 48,0% | 0 |
| 9. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | | 13 728 462 | 6 961 196 | 6 961 196 | -6 767 266 | 50,7% | 0 |
| 10. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | | 7 636 766 | 3 653 250 | 3 653 250 | -3 983 516 | 48% | 0 |
| 11. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | | 10 783 594 | 5 189 209 | 5 189 209 | -5 594 385 | 48% | 0 |
| 12. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | | 5 698 498 | 2 610 998 | 2 610 998 | -3 087 500 | 46% | 0 |
| 13. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | | 3 312 883 | 1 627 159 | 1 627 159 | -1 685 724 | 49% | 0 |
| 14. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | | 3 437 481 | 1 566 541 | 1 566 541 | -1 870 940 | 46% | 0 |
| 15. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | | 9 415 724 | 4 412 594 | 4 412 594 | -5 003 130 | 47% | 0 |
| 16. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | | 17 143 695 | 7 693 581 | 7 693 581 | -9 450 114 | 45% | 0 |
| 17. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | | 3 743 897 | 2 004 240 | 2 003 701 | -1 739 657 | 54% | 539 |
| 18. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | | 5 417 932 | 2 958 165 | 2 906 332 | -2 459 767 | 55% | 51 833 |
| 19. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | | 2 808 736 | 1 504 301 | 1 504 301 | -1 304 435 | 54% | 0 |
| 20. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | | 2 548 743 | 1 185 528 | 1 185 528 | -1 363 215 | 47% | 0 |
| 20. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | | 27 332 019 | 16 065 182 | 16 065 182 | -11 266 837 | 59% | 0 |
| 21. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | | 29 854 251 | 15 130 501 | 15 130 501 | -14 723 750 | 51% | 0 |
| 22. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | | 25 402 217 | 12 647 406 | 12 647 406 | -12 754 811 | 50% | 0 |
| 23. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | | 16 245 493 | 9 243 126 | 9 243 126 | -7 002 367 | 57% | 0 |
| 24. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | | 12 303 701 | 7 337 224 | 7 280 181 | -4 966 477 | 60% | 57 043 |
| 25. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | | 22 623 484 | 11 936 847 | 11 936 847 | -10 686 637 | 53% | 0 |
| 26. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | | 31 786 371 | 16 215 001 | 16 104 645 | -15 571 370 | 51% | 110 356 |
| 27. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | | 12 254 769 | 6 189 148 | 6 189 148 | -6 065 621 | 51% | 0 |
| 28. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | | 26 006 458 | 14 016 958 | 14 016 958 | -11 989 500 | 54% | 0 |
| 29. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | | 12 012 250 | 6 509 741 | 6 509 741 | -5 502 509 | 54% | 0 |
| 30. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | | 10 932 443 | 6 153 768 | 6 153 768 | -4 778 675 | 56% | 0 |
| 31. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | | 51 844 496 | 28 014 756 | 28 014 756 | -23 829 740 | 54% | 0 |
| 32. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | | 5 556 589 | 2 923 659 | 2 923 659 | -2 632 930 | 53% | 0 |
| 33. МКОУ «МООШ « с.Моксох | | 5 855 407 | 3 442 154 | 3 442 154 | -2 413 253 | 59% | 0 |
| 34. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | | 7 085 757 | 3 926 997 | 3 926 997 | -3 158 760 | 55% | 0 |
| 35. Ц/бухгалтерия МО «Унцукульский район» в системе образования | | 3 285 337 | 1 491 700 | 1 491 700 | -1 793 637 | 45% | 0 |
| 36. РЦДОД с. Унцукуль | | 7 123 242 | 2 354 750 | 2 354 750 | -4 768 492 | 33% | 0 |

Продолжение на 4 странице

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-е полугодие 2015 года

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 37. ДДТ с. Гимры | 2 791 722 | 920 750 | 920 750 | -1 870 972 | 33% | 0 |
| 38. ДДТ п.Шамилькала | 3 270 649 | 1 116 000 | 1 116 000 | -2 154 649 | 34% | 0 |
| 39. ДЮСШ с. Унцукуль | 3 880 307 | 1 274 750 | 1 274 000 | -2 605 557 | 33% | 750 |
| 40. ДЮСШ с. Гимры | 4 646 254 | 1 530 750 | 1 530 750 | -3 115 504 | 33% | 0 |
| 41. ДЮСШ с. Балахани | 5 133 004 | 1 724 750 | 1 724 750 | -3 408 254 | 34% | 0 |
| 42. ЦДТ п. Шамилькала | 6 497 121 | 2 192 750 | 2 192 750 | -4 304 371 | 34% | 0 |
| 43. Школа искусств | 4 361 526 | 1 455 500 | 1 455 500 | -2 906 026 | 33% | 0 |
| 44. СЮТ с. Унцукуль | 5 459 410 | 1 851 000 | 1 851 000 | -3 608 410 | 34% | 0 |
| 45. Управление культуры | 19 885 122 | 7 869 500 | 6 645 500 | -12 015 622 | 40% | 1 224 000 |
| 46. Поселения всего: | 66 160 000,00 | 23 859 577,23 | 23 736 398,33 | -42 300 422,77 | 36,1% | 123 179 |
| - МО «Село Ашильта» | 3 024 000 | 1 295 716 | 1 295 716 | -1 728 284 | 43% | 0 |
| - МО «Село Гимры» | 14 627 000 | 1 352 139 | 1 258 023 | -13 274 861 | 9,2% | 94 116 |
| - МО «Село Ирганай» | 3 927 000 | 2 298 013 | 2 298 013 | -1 628 987 | 58,5% | 0 |
| - МО «Село Харачи» | 1 721 000 | 867 344 | 855 389 | -853 656 | 50,4% | 11 955 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 762 000 | 1 077 751 | 1 067 918 | -1 684 249 | 39,0% | 9 833 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 3 524 000 | 1 342 063 | 1 342 063 | -2 181 937 | 38,1% | 0 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 4 288 000 | 1 680 346 | 1 678 742 | -2 607 654 | 39,2% | 1 604 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 657 000 | 1 027 706 | 1 027 706 | -1 629 294 | 38,7% | 0 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 504 000 | 1 100 260 | 1 100 259 | -1 403 740 | 43,9% | 1 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 4 562 000 | 2 308 992 | 2 308 322 | -2 253 008 | 50,6% | 670 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 12 581 000 | 5 407 839 | 5 402 839 | -7 173 161 | 43,0% | 5 000 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 9 983 000 | 4 101 408 | 4 101 408 | -5 881 592 | 41% | 0 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2014 года) | 2 793 810,61 | 2 784 510,61 | 2 784 510,41 | -9 300,0 | 100% | 0.20 |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 1 578 232,98 | 0,0 | 100% | 0.00 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 1 215 577,63 | 1 206 277,63 | 1 206 277,43 | 9 300,0 | 99% | 0 |
| ВСЕГО РАСХОДЫ (I+II) | 611 512 638,26 | 297 354 278,49 | 284 417 659,04 | -314 158 359,8 | 48,6% | 12 936 619.45 |

**К. АБДУЛХАЛИКОВ, Руководитель Управления финансов Унцукульского района**

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН ОБ ИЗМЕНЕНИИ В ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЕ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» доводит до сведения педагогических работников образовательных учреждений, медицинских и фармацевтических работников государственных учреждений здравоохранения, социальных работников государственных учреждений социального обслуживания населения, специалистов культурно-просветительных учреждений, специалистов государственной ветеринарной службы Республики Дагестан, работающих и проживающих в сельской местности и поселках городского типа, что вступил в силу Закон Республики Дагестан от I2 января 20I5 года № 5 «О внесении изменения в статью 4 Закона Республики Дагестан от 30 декабря 2004 года № 64 «О мерах социальной поддержки по оплате жилых помещений и коммунальных услуг отдельным категориям граждан в сельской местности и поселках городского типа».

Данным законом для вышеперечисленных категорий граждан установлена ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг в размере I 000 (одной тысячи) рублей.
Размер ежемесячной денежной выплаты подлежит индексации один раз в год с 0I апреля текущего года исходя из установленного федеральным законом о федеральном бюджете на соответствующий финансовый год и на плановый период прогнозного уровня инфляции.

За дополнительной информацией граждане могут обратиться в управление социальной защиты населения в рабочие дни с 9.00 до I7.00 по адресу: с.Унцукуль, пл. М.Дахадаева, I

***Телефон для справок: 55-64-I9; 55-64-83.***
***e-mail: uszn-uncukul@mail.ru***

Унсоколо районалъул администрациялъ, халкъияб Собраниялъ ва тIолабго жамагIаталъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Веденоялда нагагьаб балагьалдалъун хвараздa бан Болъихъ районалъул жамагIаталда, гьезул хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Хваразе Аллагьас алжан насиб гьабеги, чIаго ругезе сабруги кьеги!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**Унсоколо районалъул бетIерасул ишал тIуралев**

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

Владельцам охотничьего огнестрельного оружия с нарезными стволами просьба обратиться в ОМВД России по Унцукульскому району.

Необходимо сформировать новые личные дела на владельцев охотничьего огнестрельного оружия с нарезными стволами в кратчайшее время.

В случае не явки владельцев в ОМВД России по Унцукульскому району охотничье огнестрельное оружие будут выставлены в розыск.

**Г. МАГОМЕДГАДЖИЕВ.**
**И. о. инспектора ПРР ОМВД России по Унцукульскому району, сержант полиции.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28

Телефон редактора 55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -23 .7. 15 г. 16. 10 фактически -17.30 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.